

Konsèy Jistis Anviwonmantal (EJC)

Seyans #10

Jedi, 21 septanm, 2023

De 6:00 p.m.a 7:30 p.m.

Nòt yo te pran nan reyinyon an

Kote Seyans lan ap fèt la: Sou zoom

Dokiman reyinyon yo: [kalandriye](#), [Diapozitif](#)

Manm Konsèy ki te prezan:

- Kalila Barnett
- Melissa Ferretti
- Caroline Hon
- Namrita Kapur
- Sofia Owen
- Patricia Spence
- Jen Salinetti
- Marcos Luna
- Lydia Lowe
- Cheryll Holley

Anplwaye Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwonmantal (EEA) ki te prezan:

- María Belén Power, Sous-sekretè EJC
- Carline Lemoine, Direktè Adjwen Jistis Anviwònmantal (EJ) pou Kowòdinasyon Pati Ekstèn.

1. Byenveni ak Apèsi sou Lojistik Rankont lan

María Belén Power te akeyi envite yo ak patisipan yo. Kecil John te bay yon apèsi sou lojistik seyans lan, ki gen ladan itilizasyon bwat kesyon ak repons (Q&A) ak disponiblite entèprèt yo.

2. Apèl/Apwobasyon konsènan nòt sou Seyans avan yo

- María Belén te dirije yon apèl ak manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, manm konsèysa yo te prezan : Kalila Barnett, Namrita Kapur, Lydia Lowe, Melissa Ferretti, Caroline Hon, Marcos Luna, Sofia Owen, Jen Salinetti, Patricia Spence, ansanm ak María Belén.
- Manm konsèy sa yo pa t prezan nan kòmansman seyans lan men yo te rantre apre: Cheryll Holley.
- Manm konsèy sa yo pa t prezan: Madeline Fraser Cook, Peter Maathey, ansanm ak Ari Zorn.
- María Belén te ouvri lapawòl ak yon mosyon pou adopte pwosè vèbal seyans anvan yo. Patricia Spence te bay mosyon pa l sou adoptasyon yo. Lydia Lowe soutni mosyon an. María Belén te òganize yon vòt pa apèl. Tout manm konsèy prezan yo te tonbe dakò sou nòt yo.

3. Premye Seyans publik Kesyon ak Repons yo

Kesyon patisipan publik yo ak diskisyon EJC a te gen ladann sijè sa yo:

- Klarifikasyon sou lwa EJ konsènan yon santral elektrik nan Taunton,
- Deziyasyon popilasyon an yon EJ nan kominate yo,
- Etabli kat EJ a ak done resansman anviwònman an,

- Mete ajou definisyon EJ a, epi
- Potansyèl pou kreye yon gwoup kap travay sou Lwa reglementè anviwnmantal nan Massachusetts (MEPA).

Kòmantè ki soti nan diskisyon kesyon ak repons Q&A yo enkli:

#	Kessyon yo	Non Kesonè yo
1	Ki jan EJC fè plan pou adrese apwòch "Dwa Lanati" a pou Tribi yo pwoteje resous anviwònman ki esansyèl nan vi yo?	David Dow
2	Mwen trè preokipe sou EJ ki gen rapò ak Basen Fore River a (Quincy, Weymouth, ak Braintree). Etandone kounye a ou gen 10 seyans nan konsèy sa a, ki aksyon/desizyon/politik yo te aplike kòm rezulta rekòmandasyon konsèy sa a?	Peter Delano
3	Yon pwoblèm enpòtan ki pa rezoud rete nan papot pou deklanche yon revizyon MEPA. Pwojè endividyle yo nan kominate EJ yo ka tonbe pi ba pase papòt MEPA ki egziste deja yo (kidonk pa egzije yon revizyon amelyore), pandan y ap debaz kimilatif ki egziste deja nan enpak negatif yo enpòtan epi pwojè endividyle yo pwopoze a ajoute nan enpak istorik, kimilatif yo. Ki lè EEA, Konsèy la, ak Gouvènè Healey pral adrese pwoblèm sa a?	Frank O'Brien

4. Diskisyon EEA sou Lojistik pou pwochen Seyans EJC yo

- Manm Konsèy yo te dakò pou yo chanje reyinyon gwoup travay ak reyinyon ofisyèl EJC yo yon fwa pa mwa.
 - Manm Konsèy yo deside fè yon reyinyon renouvlab chak 2 mwa nan menm jou nan chak mwa
 - Lè sa a, reyinyon gwoup travay yo ta fèt nan mwa "ferye" a. Gwoup travay yo ka rankontre san yo pa sijè ak Lwa Rankont Ouvè a (OPL) toutotan yo pa reyalize yon kowòm.

5. Diskisyon EEA sou Kote pwochen reyinyon EJC yo pral fèt

- Kote yo pwopoze yo enkli Brockton, Mashpee, Worcester, North Adams, Holyoke/Springfield, Roxbury, Lynn/Salem, Stockbridge, Lowell/Lawrence, Taunton, Leominster, ak Framingham.
- Manm Konsèy yo te pwopoze pou yo fè reyinyon ibrid pou enkli prezans an pèsòn ak prezans vityèl. Prezans vityèl ta konte nan kowòm nan.
- Manm Konsèy yo te pwopoze tou pou etabli yon pwotokòl estanda lè yo bezwen chanje reyinyon ibrid yo nan yon fòma totalman vityèl .

6. Diskisyon EEA sou priyорite biwo EJ a

- María Belén bay yon apèsi sou travay k ap fèt nan Biwo EJ a.
- Biwo EJ a gen entansyon kolekte opinyon publik la sou pwojè, politik, ak metòd adisyonèl, pandan l ap asire kòmantè sa yo enkòpore nan rezulta yo.
- Kounye a y'ap travay sou estrateji EJ yo , sipòte ajans ki enplike yo epi asire yo enkòpore fidbak atravè biwo egzekitif la ak tout ajans ki anba EEA
- Biwo a ap mennen ankèt sou kantite benefis kont chay, gade akò benefis kominotè yo, epi kreye yon gwoup travay Jistis40 ki santre sou asire yo distribiye envestisman an aliman ak inisyativ Jistis40 ak inisyativ leta bay kominote EJ yo.

7. Diskisyon sou Sibvansyon pou Rediksyon Polisyon Klimatik

- **Jonathan Schrag** soti nan Biwo Gouvènè a pou vin diskite sou Sibvansyon Rediksyon Polisyon Klimatik yo (CPRG). Li te bay yon apèsi sou pwosesis pou kominote yo resevwa sibvansyon.
- Jonathan te eksplike ke Boston; Worcester; ak Providence, Rhode Island pral resevwa apeprè \$1 milyon.
- Yo idantifye mezi priyорite pou jwenn kiyès ki pral plis redui emision gaz lakòz efè tèmik epi ki benefisyé popilasyon EJ yo nan yon fason enpòtan. Yon egzanp yon mezi priyорite gen ladan rediksyon emision nan machin lou yo 20 poustan pou 2030. Sa a ta dwe priyорite konpare ak diminye emision nan machin pasaje yo, akòz machin lou ki gen pi gwo emision dyezèl. Finansman CPRG toujou nan faz planifikasyon an.
- Manm Konsèy yo te diskite sou entèseksyon ki genyen ant transpò dirab ak aksesib, chanjman nan transpò elektrisite a, chans pou Massachusetts li resevwa fon aplikasyon an, nesesite pou distribiye lajan ekitab ant zòn riral ak iben.

8. Mizajou sou estrateji EJ ak diskisyon

- Carline Lemoine te bay yon mizajou sou estrateji EJ a, ki te an pwogrè pou apeprè dezan edmi.
- Gwoup travayè EJ a ap travay pou amelyore ak enkòpore chanjman pou reflete kòmantè yo te resevwa pandan sezon fredi a. Kòmantè publik yo sitou konsantre sou amelyore aksè publik la, fason ajans yo pral idantifye ak mezire pwogrè, ak fason prensip EJ yo pral entegre nan estrateji EJ yo devlope.
- Biwo Gouvènè a te bay bidjè pou ane fiskal la te atribye apeprè \$2 milyon pou sèvis tradiksyon, ki se yon egzanp sou fason yo ap amelyore aksè . Dokiman vital yo pral aksesib nan plizyè lang
- Pwovizwaman pwograme pou yo bibliye estrateji final la nan fen ane a epi li pral sèvi kòm yon dokiman vivan epi li pral revize apeprè chak twazan.

9. Diskisyon sou Gwoup Travay yo

- Senk gwoup travay yo te pwopoze okòmansman yo se te Definisyon EJ a, Angajman Sinifikatif ak Estrateji EJ, Jistis40, Akò Benefis Kominotè, ak Benefis kont Fado.
- Manm Konsèy yo deside konsantre sou de gwoup travay, Justice 40 ak Environmental Justice Definition. ò

- **María Belén** mande manm konsèy yo leve men yo pou chak gwoup travay ki enterese yo.
 - Pou gwoup travay Definisyon EJ a, manm konsèy Melissa Ferretti, Caroline Hon, Marcos Luna, Cheryll Holley, Jen Salinetti, ak Sofia Owen te volontè.
 - Pou gwoup travay Jistis40 lan, manm konsèy Kalila Barnett, Lydia Lowe, ak Patricia Spence te volontè.
- **María Belén** ap swiv lojistik ak orè gwoup travay yo atravè imel
- Yo gen dwa envite ekspè nan reyinyon gwoup travay yo

10. Dezyèm Seseysans Kesyon ak Repons Biblik

- Yon patisipan te eksprime enterè pou I fè plis kontak nan Taunton, Massachusetts. María Belén te bay detay sou seyans ekoute ki sot pase yo e li te note ke li mete Taunton nan sesans ekoute k ap vini an.

Kòmantè ki soti nan dialòg Q&A yo enkli:

#	Kesyon	Non
1	Tribi Mashpee Wampanoag ap chèche jere river herring ki kwaze nan rivyè lokal yo nan limit vil yo, men deyò limit rezèvasyon yo.	David Dow
2	Konsènan sijesyon gwoup travay Benefis kont Fado, ou ka itilize yon analiz de senaryo pou konpare diferan estrateji aplikasyon an.	David Dow
3	Ki kote/kilè/kijan repons pou Q&A ki pa jwenn repons pandan reyinyon an pral rive jwenn patisipan yo?	Anonymous
4	Etandone priyorite yo mansyone pa Jonatan nan prezantasyon li a, èske gen yon pouvantaj nan finansman an ki ka sèlman itilize pou priyorite tankou rediksyon polisyon nan lè a kont yon pouvantaj nan finansman an ki ka sèlman itilize pou dezyèm priyorite a, popilasyon EJ?	David Queeley
5	Ekskiz pou ksyon an reta ak ki pa gen rapò. Nou te tande kèk enkyetid konsènan fason desizyon Tribunal Siprèm nan ka aksyon afimatif ta ka gen enpak sou si Massachusetts kapab aplike politik klima konsènan EJ ak ras; èske Konsèy EJ a te konsidere sa pandan I ap diskite sou definisyon ajou? Isit la se yon atik ki sot pase pou referans sou sa amèsi pou travay ou ak responsabilite w https://commonwealthmagazine.org/opinion/could-supreme-courts-admissions-decision-affect-mass-climate-law/	Isabella Gambill

11. Pwochen etap ak ranvwa

- **María Belén** fè siy pou ranvwa. Seyans lan te kanpe a 7:40 p.m.